

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nya éta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang tur pelaksanaan panalungtikan. Désain dina rarancang panalungtikan miboga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, nu antukna bisa meunangkeun hiji logika, boh dina pengujian hipotésa, atawa dina nyieun kacindekan. Désain panalungtikan nu hadé, désain nu bisa nerjemahkeun modél-modél ilmiah kana operasional panalungtikan kalawan praktis ([www.rakim-ypk.blogspot.com](http://www.rakim-ypk.blogspot.com), tgl 12 Desember 2011).

Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun tur ngawatesanan masalah, obsérvasi ka lapangan, nyieun instrumén panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah data, terahir ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan.

Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta baris digambarkeun ieu di handap:





### 3.2 Método Panalungtikan

Método panalungtikan nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan nu *valid* kalawan tujuanna bisa ditéangan, dimekarkeun, jeung dibuktikeun. (Sugiyono, 2009:6). Dina wangenan nu leuwih jembar, método dihartikeun mangrupa cara-cara atawa stratégi pikeun nyangkem réalitas, léngkah-léngkah nu sistematis pikeun ngaanalisis runtuyan kajadian sabab akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung téori; método miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem (Ratna, 2004:34).

Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta método panalungtikan déskriptif. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Suyatna (2002:14) nu nétélakeun yén método panalungtikan déskriptif nya éta

panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskripsi wungkul; teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, atawa teu meunangkeun ma'na implikasi. Dina ma'na nu leuwih lega ieu métode téh sering digunakeun panalungtikan survéy.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun simbol jeung ajén falsafah nu aya dina tradisi Hajat Makam di Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji usaha atawa cara nu kudu dilaksanakeun kalawan maké métode nu tangtu, sangkan tujuan atawa sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002:18). Téhnik panalungtikan ngawengku kana téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.3.1 Téhnik ngumpulkeun data**

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta telaah pustaka, wawancara, observasi, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2010:264). Téhnik telaah pustaka digunakeun pikeun néangan sumber-sumber nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam tina buku-buku nu aya. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat atawa kokolot Désa Kawunganten nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam nu gunana téh pikeun néangan data nu diperlukeun jeung nambahan référénsi ngeunaan tradisi Hajat Makam. Téhnik

obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data ngeunaan tradisi Hajat Makam ti sumber data, bisa kokolot lembur, aparatúr désa jeung masarakat. Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun ngarojong informasi data mangrupa gambar.

### **3.3.2 Téhnik ngolah data**

Data nu geus kakumpulkeun tina hasil panalungtikan satuluyna dianalisis maké téhnik déskripsi. Anu didéskripsikeunana nya éta simbol jeung ajén falsafah dina tradisi Hajat Makam.

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta : 1) Obsérvasi ka lapangan ngeunaan tradisi Hajat Makam jeung nu aya patalina jeung upacara éta saperti sajarahna, ma'na simbol-simbolna, ajén falsafah tina simbol-simbolna, nu diayakeun di Kampung Kawunganten Babakan Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang. 2) Ngadokuméntasikeun sakabéh hasil ngeunaan tradisi Hajat Makam. 3) Nganalisis ajén falsafah simbol-simbolna jeung sakabéh hal nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam. 4) Ngadéskripsikeun data hasil analisis ajén falsafah simbol-simbolna jeung sakabéh hal nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam.

## **3.4 Instrumén panalungtikan**

### **3.4.1 Hapé rekorder**

Handphone rekorder digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka masarakat, tokoh masarakat, atawa aparat Désa ngeunaan radisi Hajat Makam.

### 3.4.2 Kaméra foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar tur ngadokuméntasikeun gambar dina prak-prakan tradisi Hajat Makam.

### 3.4.3 Video Shot

Video shot digunakeun pikeun ngarekam proses ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung informan (tokoh masarakat, masarakat, jeung aparat Désa) ngeunaan tradisi Hajat Makam.

### 3.4.4 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Désa Kawunganten nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam. Dina ieu panalungtikan maké sistem wawancara terstruktur.

**Tabel 3.1 Pedoman Patalékan dina Wawancara**

No	Pedoman Patalékan Wawancara
1.	Dumasar sajarahna, kumaha mimitina aya tradisi Hajat Makam téh?
2.	Kunaon dilaksanakeunana Hajat Makam téh di makam Nyi Ratu Déwi Kawunganten? saha ari Nyi Ratu Déwi Kawunganten téh?
3.	Kumaha ari prak-prakan hajat makam téh?
4.	Naon waé pakakas kalengkepan dina hajat makam ?
5.	Ari dina tradisi Hajat Makam téh aya simbol-simbol husus teu ?
6.	Dina simbol-simbol éta aya ajen falsapah atawa ngandung siloka nu tangtu teu ?

7.	Kumaha fungsi tur mangpaatna diayakeun tradisi Hajat Makam ieu keur masarakat?
8.	Lamun Hajat Makam teu dilaksanakeun/diayakeun, aya akibatna heunteu?
9.	Kumaha kondisi tur réspón masarakat jaman kiwari kana Tradisi Hajat Makam? Aya bédana jeung baheula?

### 3.5 Sumber data

Sumber data nurutkeun Arikunto (2010:172) nya éta :

*“Yang dimaksud sumber data dalam penelitian adalah subjek dari mana data dapat diperoleh. Apabila peneliti menggunakan kuesioner atau wawancara dalam pengumpulan datanya, maka sumber data disebut responden, yaitu orang yang merespon atau menjawab pertanyaan-pertanyaan peneliti, baik pertanyaan tertulis maupun lisan”*.

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kagiatan dina tradisi Hajat Makam.

### 3.6 Wangenan Opérasional

Anu jadi wangenan opérasional dina panalungtikan nya éta:

1. *Ajén falsafah* nya éta nilai hasil tina pamikiran dina néangan bebeneran pikeun ngungkab hiji pasualan dina tradisi Hajat Makam;
2. *Simbol* nya éta lambang nu geus disaluyuan ku masarakat réa, simbol dina ieu panalungtikan nya éta pakakas kalengkepan nu aya patalina jeung tradisi Hajat Makam;
3. *Tradisi Hajat Makam* nya éta hiji upacara ritual nu diayakeun sataun sakali dina bulan Mulud kalawan lokasina di makam Nyi Ratu Déwi Kawunganten.